



Pou Piblikasyon Imedya: 12/03/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LANSMAN PWOJÈ REYABILITASYON WOUT 8.8 MILYON DOLA NAN KONTE ONEIDA**

***Pwojè a ap vize restore sifas wout pou otomobilis sou Wout Eta 12B ak 412 nan Vilaj Clinton; Konstriksyon nouvo twotwa pral amelyore koneksyon ak aksè pou pyeton yo***

***Amelyorasyon yo pote nan limyè sikilasyon ak pano siyalizasyon yo pral amelyore sekirite ak mobilite pou otomobilis ak pyeton yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yon pwojè reyabilitasyon wout 8.8 milyon dola ap lanse nan Vilaj Clinton, nan Konte Oneida, ki pral ranfòse sekirite ak amelyore vwayaj sou de wout prensipal k ap sèvi Mohawk Valley. Pwojè a pral restore sifas wout yo, ajoute nouvo twotwa epi pote lòt amelyorasyon nan Wout Eta 12B ak Wout Eta 412 — ke yo rele tou College Street — pou amelyore koneksyon ak aksè pou otomobilis ak pyeton yo. Wout Eta 12B se wout prensipal nan Vilaj Clinton epi konekte kominote ki soti Sherburne nan Konte Chenango rive New Hartford nan Konte Oneida.

"Eta wout nou yo gen yon enpak dirèk sou konektivite, se poutèt sa li enpòtan pou envesti nan pwojè amelyorasyon enfrastrikti pou kreye yon Nouyòk ki pi an sekirite e ki pi konekte," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Piblik k ap vwayaje yo pral wè gwo amelyorasyon nan Konte Oneida — k ap priorize sekirite alafwa pyeton e otomobilis yo, ranfòse Vilaj Clinton ak favorize opòtinite ekonomik yo."

Pwojè a pral reyabilite twotwa sou Wout Eta 12B a apati entèseksyon ki pi nan sid la ak Furnace Street nan Vil Kirkland epi kontinye nan nò atravè Vilaj Clinton. Travay reyabilitasyon an pral fèt tou sou Wout Eta 412 soti nan entèseksyon Wout Eta 12B rive nan entèseksyon Wout Eta 233. Nouvo twotwa yo, ranp twotwa yo, pano siyalizasyon ak limyè sikilasyon yo pral ajoute tou pou amelyore alafwa sekirite ak mobilite pou pyeton ak otomobilis yo. Ajoute twotwa sou Wout Eta 12B nan sid vilaj la pral ede konekte distri biznis la nan Vilaj Clinton ak destinasyon komèsyal nan Vil Kirkland.

Pandan konbinezon fon federal Eta a ap finanse yon gwo pati nan pwojè sa a, Depatman Transpò Eta Nouyòk (New York State Department of Transportation, NYSDOT) ap enkòpore finansman ki soti nan Vilaj Clinton nan kad pou ekonomize kou

ak tan pou enkli lòt ranplasman twotwa, travay egou ak ranplasman bouch ensandi nan zòn pwojè a.

Pandan ke travay sèvis piblik ak pre-konstriksyon yo deja sou pye, konstriksyon prensipal la ta dwe kòmanse nan sezon prentan an epi fini nan ete 2026 la. Yo prevwa entèseksyon 12B ak College Street ap fèmen apati 7 jiyè, pou apeprè kat semèn, si kondisyon meteyo pèmèt li. Otomobilis yo pral swiv yon detou ki siyale. NYSDOT pral kenbe piblik la enfòm sou fènti ak devyasyon avèk avi pou vwayajè pandan konstriksyon an.

**Komisè Depatman Transpò Eta Nouyòk Marie Therese Dominguez te deklare,** "Anba lidèchip Gouvènè Kathy Hochul, Eta Nouyòk kontinye reyalize investisman istorik nan enfrastrikti ki pral konekte kominote nou yo, amelyore sekirite epi kreye yon rezo transpò ki pi rezistan. Asire transpò ki an sekirite ak fyab pou tout moun se baz misyon NYSDOT epi pwojè reyabilitasyon wout sa a pral rann li pi fasil pou deplase, mache ak monte bisiklèt nan Vilaj Clinton, pou ranfòse ekonomi lokal la epi ranfòse kalite lavi pou tout kominote a."

**Reprezantan John Mannion te deklare,** "Envesti nan enfrastrikti nan Konte Oneida a epi kenbe wout nou yo byen konsève se priyorite esansyèl pou mwen nan Kongrè a. Travay k ap fèt sou Wout Eta 12B ak Wout Eta 412 la pral rann wout ki pi lis yo ak depasman yo pi an sekirite pou otomobilis ak pyeton yo. Mwen rekonesan anè lidèchip Gouvènè Hochul ak otorite lokal yo paske yo reyalize pwojè enpòtan sa a. M ap kontinye jwenn resous federal ki benefisye kominote yo nan Konte Oneida epi travay ak patnè nan tout nivo gouvènman an pou amelyore kalite lavi atravè NY-22."

**Senatè Eta a, Joseph A. Griffo, te deklare,** "Mwen rekonèt enpòtans pou modènize, reyabilite, epi envesti nan enfrastrikti nou an, se poutèt sa mwen kontan ke pwojè sa a te kòmanse. Inisyativ sa a pral mennen nan ranfòse sekirite, amelyore pi bon mobilite ak pi bon konektivite pou pyeton ak otomobilis yo epi amelyore sèvis piblik. Li pral ede tou pou estimile opòtinite ekonomik nan kominote a ak rejyon an."

**Manm Asanble Brian Miller, te deklare,** "Mwen kontan wè investisman endispansab sa a pwogrese nan enfrastrikti Vilaj Clinton nan. Reyabilitasyon Wout Eta 12B ak 412 pral ranfòse sekirite, amelyore aksesibilite, epi sipòte biznis lokal yo ak rezidan yo nan Vilaj Clinton. Lè li enkòpore finansman lokal pou ranplasman twotwa adisyonèl, travay egou, ak modènize bouch ensandi yo, pwojè sa a maksimize efikasite ak resous pandan l ap asire kominote nou an resevwa benefis alontèm yo. Antanke Manm Komisyon Transpò Asanble a, mwen pa ka tann pou m wè amelyorasyon yo pran fòm epi mwen pral kontinye defann investisman entelijan nan rezo transpò rejyon nou an."

**Majistra Vilaj Clinton Izn, Elizabeth Tantillo, te deklare,** "Vilaj Clinton fyè paske li te travay avèk Ekip Depatman Transpò Eta Nouyòk (New York State Department of Transportation, DOT) sou konsepsyon ak enjeniri pwojè enpòtan sa a pou Clinton ak Kirkland. Amelyorasyon yo pral transfòm non sèlman pou wout yo, men tou, pou twotwa yo, pasaj pou pyeton yo, nouvo egou, bouch ensandi ak plis ankò. Vilaj Clinton

nan kontan patisipe nan gwo pwojè renovasyon sa a avèk Ekip Konstriksyon DOT la. N ap tann avèk pasyans rezilta eksepsyonèl yo!"

### **Enfòmasyon sou Depatman Transpò**

Lavi yo andanje; ralanti ak mete nou sou kote pou travayè otowout yo!

Depatman Transpò Eta Nouyòk la gen pou misyon bay yon sistèm transpò ki an sekirite, fyab, ekitab, ak rezistan ki konekte kominote yo, amelyore kalite lavi, pwoteje anviwònman an, epi sipòte byennèt ekonomik Eta Nouyòk.

Pou plis enfòmasyon, jwenn nou sou [Facebook](#), swiv nou sou [X](#), reyonal [X](#) oswa [Instagram](#), oswa vizite nou sou [sit entènèt](#). Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon yo, rele 511, vizite [www.511NY.org](#) oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](#)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](#) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](#) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)